

**PANGANGGONE BASA SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN DALAN TRESNA
ANGGITANE MAHASISWA BASA JAWA, ANGKATAN 2013 B, UNESA**

Esti Wahyuning Widiyanti

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA

(estiwahyuning.ew@gmail.com)

Abstrak

Antologi geguritan *Dalan Tresna* mujudake sawijining antologi geguritan kang isine ana 240 kaca lan 237 geguritan saka 24 Mahasiswa Angkatan 2013 kelas B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya kang kabukokake ing tahun 2014. Antologi kasebut wujud tugas mata kuliah menulis kreatif ing semester telu. Saka antologi geguritan kasebut tinemu wujud ragam basa kang ing njero ana panganggone basa kang luput. Bab kasebut kang ndadekake panliti katarik ngliti kumpulan geguritan kasebut.

Underan sajrone panliten iki kaya mangkene : (1) Kepriye wujud wernane basa sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya? (2) Kepriye wujud alih kode sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya? (3) Kepriye wujud campur kode sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya?

Panliten iki asipat *deskriptif-kualitatif*. Panliten panganggone basa iki nggunakake teori ragam basa, lan analisis panganggone basa kang luput. Sumber dhata awujud Antologi geguritan *Dalan Tresna* mujudake yaiku antologi geguritan kang isine ana 240 kaca lan 237 geguritan saka 24 Mahasiswa kang kabukokake ing tahun 2014. kang diteliti 85 geguritan saka 24 mahasiswa. Dhatane awujud tembung, frasa, lan klausa kang ngandhut wernane basa, lan salahe nganggo basa. Asile panliten iki yaiku wernane basa kang dienggo arupa: (1) wernane basa ngoko, (2) wernane basa krama, (3) wernane basa dialek, (4) wernane basa Jawa-Indonesia, (5) wernane basa Jawa-Inggris, lan (6) wernane basa Jawa-Arab. Sajrone wernane basa ngoko lugu tinemu wujud panganggone basa kang luput perangan fonologis lan morfologis.

Panganggone basa kang luput ing panliten iki yaiku bab *fonologi* lan *morfologi*, Panganggone basa kang luput perangan fonologis wujud salahe nulis ejaan basa Jawa mawa aksara latin kaperang dadi nulis vokal lan konsonan, kang akeh dilakoni yaiku wujud salahe /a/ dadi /o/ lan nulis vokal /u/ dadi /o/. Wujud panulisan retrofleksi [d] lan [t]. Panganggone basa kang luput perangan morfologis kang asring ditemokake yaiku owahe imbuhan {N- -ake} dadi {N- -na} kang kaprabawan dening dialek.

Alih kode kang tinemu yaiku Alih kode intern wujud ragam krama-ragam ngoko, lan ragam ngoko-ragam krama. alih kode ekstern wujud yaiku alih kode basa Jawa-basa Indonesia, lan alih kode basa Jawa-basa Arab. campur kode kaperang dadi campur kode positif yaiku campur kode basa Jawa-basa Indonesia, campur kode basa Jawa-ragam dialek, campur kode basa Jawa-basa Arab, campur kode basa Inggris-basa Jawa, lan campur kode basa Jawa-basa Indonesia-Basa Jawa. Wujud capur kode negatif yaiku campur kode ragam ngoko-krama, ragam krama-ngoko, basa Jawa-ragam dialek, ragam Jawa-basa Indonesia, basa Jawa-basa Indonesia-basa Jawa, lan basa Indonesia-basa Jawa-basa Indonesia. wujud kang paling tumingal yaiku campur kode basa Jawa-Indonesia lan Jawa dialek kang asipat campur kode negatif.

Pepenget: wernane basa, alih kode, lan campur kode.

PURWAKA

Lelandhesane Panliten

Mahasiswa basa Jawa rata-rata wis nduweni B1 (basa ibu) basa Jawa, nanging isih perlu anane pangrembakane kabisa nggunakake basa Jawa ora mung kanthi lisan nanging uga tulisan. Akeh panganggo basa kang durung bisa nulis kanthi becik merga kurange panguwasane *aspek-aspek* kabasa kang nemtokake becik orane sawijining tulisan. Nulis kaya dene ketrampilan basa liyane minangka sawijining proses *perkembangan*. Nulis mbutuhake latihan pengalaman, wektu, kesempatan, ketrampilan

husus, lan pengajaran langsung dadi penulis (Tarigan, 1986:8). Apa maneh yen wujud menulis kreatif panulis uga kudu nduweni pemahaman ngenani aspek-aspek sastrane.

Mahasiswa angkatan 2013 diwenehi tugas menulis Jawa awujud Nulis kreatif asile arupa antologi geguritan. Antologi kasebut ing semester telu minangka tugas akhir menulis Jawa loro. Sadurunge para mahasiswa wis diwenehi mata kuliah ketrampilan fonologi ing semester 2, lan morfologi 1 ing semester loro lan morfologi 2 ing semester telu. Para mahasiswa Jawa sajrone nulis kreatif ora mung kaku nggunakake basa baku nanging uga nggunakake wernane basa, bisa nggunakake basa ngoko, krama,

Panganggone Basa sajrone Antologi Geguritan *Dalan Tresna* Anggitane Mahasiswa Basa Jawa, Angkatan 2013 B, UNESA

dialek wernane basa Jawa-Indonesia, Wernane basa Jawa-Inggris, lan wernane basa Jawa-Arab. Wernane basa digawe supaya nambahi endahe geguritan. Anane ragam-ragam basa kang digawe ndadekake anggongone nulis para mahasiswa uga nggunakake wujud alih kode lan campur kode.

Para mahasiswa anggongone nggunakake ragam-ragam kasebut isih nglakoni saperangan kaluputan ing bidhang fonologis lan morfologis. Bab kasebut kedadeyan merga mahasiswa isih ketung mahasiswa anyar kang isih lagi wae nampa *pembelajaran* basa lan sastra Jawa kanthi rada jero udakara 3 semester utawa setaun setengah, merga sadurunge pembelajaran basa Jawa ora pati ditengenanake ing *pembelajaran* sajrone sekolah.

Bab kasebut ndadekake panliti pengin mangerteni lan njlentrehake panganggongone basa kanthi nganakake panliten ngenani wernane basa lan salahe abasa. Panliti nganalisis wujud wernane basa lan panganggongone basa kang luput (salahe abasa) sajrone geguritan-geguritan mahasiswa angkatan 2013B, kang dibukukake ing taun 2014. Sajrone nliti panganggongone basa kang luput panliti nggunakake dhasar teori *taksonomi kategori linguistik*. Amerga wujud tulisane geguritan, panliti mung nliti perangan fonologi lan morfologi, awujud mlencengen nulis ejaan manut Paramasastra Jawa lan salahe anggongone ngrakit imbuhan. Dadi, panliten iki ora kalebu kesalahan ketik, lelewane basa, lan pangrakiting tembung kang nggawe lira-lirune swara kanggo nggayuh kaendahan basa.

Underane Panliten

- (1) Kepriye wujud wernane basa ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya?
- (2) Kepriye wujud alih kode ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya?
- (3) Kepriye wujud campur kode ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya?

Tujuwane panliten

- (1) Mangerteni wujud wernane basa ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya.
- (2) Mangerteni wujud alih kode ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane

mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya.

- (3) Mangerteni wujud campur kode ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya.

Paedahe Panliten

Panliten iki diajab bisa narik kawigatene pamaca supaya tresna marang sastra uga mangerteni kaendahane basa kang ana ing karya sastra. Supaya para pamaos bisa mangerteni apa kang diwedharake pangripta. Saliyane iku panliten iki nduweni paedah *teoritis* lan paedah *praktis* kaya mangkene:

- (1) Paedah *Teoritis*
Paedah teoritis iki yaiku menehi sumbangan marang kajian panganggongone basa.
- (2) Paedah *Praktis*
Wujud paedah praktis saka panliten iki yaiku:
 - a. Dadi bahan acuan sajrone nindakake panliten kang gegayutan karo tintingan ragam basa lan panganggongone basa kang luput.
 - b. Kanggo sutresna sastra, diajab bisa nambahi kawruh ngenani panganggongone basa sajrone karya sastra.
 - c. Kanggo para mahasiswa jurusan basa Jawa diajab bisa dadi panyengkuyung anggongone sinau basa lan tresna marang sastra Jawa.

Wewatesane Panliten

Dhasar panliten iki yaiku ngenani wernane basa kaya kang ana ing underane panliten kang kapisan kaperang dadi wernane basa ngoko, wernane basa krama, wernane basa dialek, wernane basa Jawa-Indonesia, wernane basa Jawa-Inggris, lan wernane basa Jawa-Arab. Alih kode kang kaperang dadi intern lan esktern.

Campur kode kang kaperang dadi campur kode positif lan campur kode negatif. Banjur panganggongone basa kang luput tataran *taksonomi kategori linguistik* perangan fonologis lan morfologis kaya kang ana ing uga kalebu wujud ragam basa. Wewatesane panliten iki digawe supaya panliten iki ora ngawur lan mblabar saka ngendi-ngendi. Supaya panliten iki tinata lan terkonsep.

Panjentrehe Tetembungan

Geguritan : Geguritan iku *ekspresi* pamikiran kang nuwuhake rasa pangrasa, kang ngrangsang *imajinasi* pancandriya

- sajrone susunan kang nduweni irama (Pradopo, 2012:7)
- Wernane Basa : Wernane basa utawa ragam basa ana rong pandhangan, (1) Werna basa kang disebabake amarga anane keragaman sosial penutur lan keragaman fungsi basa iku dhewe, yen penutur basa kuwi kelompok sing beda-beda, merga etnis, status sosial lan penggawean. (2) Werna basa kang wis ana kanggo interaksi ing masyarakat (Chaer, 2004:81).
- Alih Kode : Alih kode yaiku prastawa ngalihe sawijining kode tumuju kode liyane (Basir, 2010:76).
- Campur Kode : Campur kode minangka wujud panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa dadi sakalusa, kanthi wewatesan tembung utawa frasa (Kachru lan thelandher sajrone Basir 2010:79)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Saemper

Panliten ngenani ragam basa lan panganggone basa kang luput sadurunge uga wis tau diteliti karo saperangan panliti. Panliten sadurunge kang saemper bisa didadekake referensi, amarga dianggep bisa menehi pamawas tumrap bab kang diteliti, Panliten kasebut yaiku:

(1) *Analisis Salahe Basa Sajrone Karangane Siswa Kelas VII E Smp Negeri 6 Surabaya Taun Ajaran 2012/2013*. dening Desi Dwi Hartati taun 2013. asile panliten yaiku: Wujude salahe basa saka perangan ortografis yaiku kliru anggone nulis ejaan lan cak-cakane tandha waca, saka perangan proses morfologis yaiku kanthi muwuhake ater-ater, panambang lan ater-ater lan panambang basa Jawa sajrone tembung lingga abasa Indonesia, yen saka perangan pamilihe tembung yaiku kanthi nglebokake tembung lingga, tembung andhahan, tembung rangkep, lan gatra abasa Indonesia. Panliten saka ngenani salahe basa uga digawe ing panliten iki bedane panliten saka Desi Dwi Hartati kasebut mung ngrembug ngenani salahe abasa dene panliten iki uga ngrembug wernane basa. Saliyane iku objek kang digunakake uga beda.

(2) *Interfensi Morfologi Dan Sintaksis Bahasa Jawa Dalam Bahasa Indonesia Pada Kolom "Piye Ya?"* *Harian Suara Merdeka*, kang ditindakake dening Avid Styowati, mahasiswa Universitas Diponegoro Semarang taun 2008. Panliten iki ngandharake yen sajrone kolom " piye

ya? *Harian Suara Merdeka* ditemokake anane *interfensi morfologi* awujud afiksasi, kayata ngilangake afiks, nambahake prefiks, nambahake sufiks, ngijolake prefiks, ngijolake sufiks, lan ngijolake konfiks, interfensi panganggone tembung rangkep lan Camboran. Yen interfensi sintaksis arupa panganggone leksikon lan frase {-nya} posesif abasa jawa sarta panganggone partikel. Pambedane saka skripsi kang ditindakake panliti yaiku merga panliti ora mung ngandharake interfensi morfologi nanging salahe abasa perangan fonologis lan morfologis, saliyané iku panliti uga ngrembug ngenani wernane basa. Objek kang diteliti uga beda.

(3) *Kesalahan Berbahasa Dalam Papan Nama Pertokoan Di Kabupaten Pemalang*, kang ditindakake dening Nopita Eka Rahmawati Universitas Negeri Semarang taun 2010. Asile panliten iki tinemu anane salahe abasa ing papan jenenge toko ing kabupaten Pemalang arupa salahe arupa diksi, salahe abasa arupa ejaan, kang awujud vokal /a/, vokal /i/, konsonan /dha/ lan /c/, salahe nulis aksara gedhe (*kapital*), salahe gabungan tembung, salahe abasa arupa frasa. Bedane panlitene ing ndhuwur karo panliten iki yaiku, panliten iki ora mung ngrembug salahe basa nanginn uga wernane basa saliyané iku objek panlitene uga beda.

(4) *Ragam Basa Teks Lagu Campur Sari Anggitane Joko Jogger Lan Endah Koeswanto* dening Dwi Retnaningsih taun 2008. Asil panliten iki nuduhake yen lelagon campursari anggitane Joko jogger lan Endah koeswanto nggunakake ragam campuran. Ragam basa campuran sing dienggo yaiku ragam basa ngoko lan ragam basa basa dialek surabayan. Alih kode kang digunakake yaiku dadi loro yaiku alih kode intern lan ekstern. Alih kode intern dumadi saka alih kode ragam ngoko-krama lan ragam basa krama-ngoko. Campur kode sing digunakake ana loro yaiku campur kode positif lan negatif. Panliten iki beda marang panliten ing ndhuwur bedane teori kang digawe ing panliten iki mung wujud unggah-ungguh lan wernane basa campuran, saliyané iku panliten iki uga ngrembug panganggone basa kang luput, lan objeke panlitene uga beda.

(5) *Ragam Bahasa Jawa dalam Ludruk Karya Budaya Dengan Lakon "Trubus Kudu Misuh"* dening Reni Indarwati 2008. Asil panliten iki yaiku: (a) pamilihe tembung kang arupa (kata umum lan kata khusus), anane pamedharan saka perangan awak, solah bawa, lan panggonan, lan (2) wernane basa kang digawe yaiku *ngoko*. *Krama*, lan *krama*, (3) alih kode kang digawe, yaiku alih kode *ngoko* – *Indonesia-ngoko*, alih kode *Indonesia -ngoko*, alih kode *ngoko-krama-ngoko*, lan alih kode *ngoko-krama*, (4) campur kode kang dumadi antarane campur kode ngoko - Indonesia, campur kode

Indonesia – ngoko, campur kode ngoko-krama, campur kode Indonesia-ngoko-Indonesia, campur kode ngoko-arab-ngoko, campur kode krama-ngoko-krama, lan campur kode krama-ngoko-krama. Panliten iki beda marang panliten ing ndhuwur bedane teori kang digawe ing panliten iki mung wujud unggah-ungguh lan wernane basa campuran, saliyané iku panliten iki uga ngrembug panganggone basa kang luput, lan objeke panlitene uga beda.

Ketrampilan Nulis Kreatif

Nulis kaya dene ketrampilan basa liyané minangka sawijining proses *perkembangan*. Nulis mbutuhake latihan pengalaman, wektu, kesempatan, ketrampilan khusus, lan pengajaran langsung dadi penulis (Tarigan, 1986:8). Dhasare nulis kreatif bisa ditegesi minangka pangriptane karya tulis. Kegiatan iki dudu lan beda banget karo kegiatan analisis. Soemanto (sajrone Wiedarti, 2005: 73) ngandharake masiya kegiatan kreatif iku sabenere kanthi cara psikologis prastawane padha, nanging kanggo kepentingan sistem pendhidhikan karya sastra kreatif kaperang dadi papat yaiku: (1) fiksi, kang kapearang dadi *sub-genre romance, novel, novella, cerpen* utawa cerkak, lan sapanunggalane. Genre kang (2) yaiku lakon utawa drama. Kang angka (3), yaiku puisi utawa geguritan, lan (4) esai.

Panulisan kreatif mligine geguritan para panulis uga kudu nguwasani akeh tetembungan sajrone basa kang digunakake ing panulisane. Masiya panganggone basa sajrone nulis kreatif iku dibenerake yen nggunakake panyimpangan-panyimpangan supaya ngandhut unsur estetis. Kanggo latihan nulis para siswa uga kudu nulis basa Jawa kang bener. Saliyané iku, akehe tetembungan kang dikuwasani pangripta iku ndadekake pangripta penak anggone milih tembung kang paling pas lan endah kanggo reriptane. Kanggo ngundhakake perolehan tetembungan, para panulis kudu akeh latihan nulis, nggunakake basa Jawa, lan maca reriptan sastra utawa kamus basa Jawa. Sajrone blajar nulis basa kang pener, kita kudu blajar liwat kaluputan, bisa saka kita utawa saka wong liya.

Panganggone Basa kang Luput

Miturut Hastuti (2003:97), panganggone basa kang luput bisa diklompokake dadi loro, yaiku *kesalahan global* lan *kesalahan lokal*. *kesalahan global* yaiku salahe basa kang bisa ndadekake kacane teges, dene salahe basa *lokal* yaiku salahe basa ing saperangan panggonan sajrone ukara. Salahe basa kaperang dadi saperangan *kategori* yaiku salah

perangan fonologis, morfologis, leksikal, lan sintaksis.

Tarigan lan Tarigan (1988: 145) merang utawa menehi *klasifikasi* panganggone basa kang luput utawa salahe basa ana patang *taksonomi utawa pengklasifikasian* salahe basa yaiku: Taksonomi Siasat Permukaan, Taksonomi Komperatif, Taksonomi Efek Komunikatif, Taksonomi Kategori Lingusitik

Saka patang taksonomi kang wis diandharake, panliten iki nggunakake *taksonomi lingusitik* minangka dhasare teori. Unsur-unsur kang kalebu kategori *taksonomi lingusitik* yaiku: *fonologi, morfologi, sintaksis, lan semantik*. Panliten iki objeke awujud geguritan. mula saka iki kang dirembung ing panliten iki yaiku bab *fonologi* lan *morfologi*.

Taksonomi Kategori Lingusitik

Taksonomi	Kategori	Lingusitik
nglumpukake panganggone basa kang luput adhedhasar unsur linguistik tartamtu kang dipangaribawani dening salahe, fonologi, morfologi, sintaksis, semantik lan leksikon, lan wacana.		

Fonologi

Fonologi utawa ing basa Jawa diarani widyaswara yaiku ilmu kang ngrembug ngenani swara. Sasangka (2011:1) ngandhareake swara kang dirembug widyaswara iku swara kang ana tegese, dudu swara kang ora ana tegese. Dadi cethane wae widyaswara kuwi ngrembug swara-swara kang mbedakake wujud lan mbedakake teges (*destingtif*). Struktur swara basa, bidhange diarani “fonetik” lan “fonologi”. Fonetik yaiku minangka dhasare ilmu linguistik kang ngrembug ngenani swara-swara basa (Verharr, 2004:19).

Panganggone basa kang luput peranan fonologis yaiku salahe basa ngenani ejaan basa Jawa mawa aksara latin. Yen basa Jawa ditulis nganggo aksara latin kudu nduweni paugeran ngenani tata tulise. Paugeran kang dienggo ing panliten iki yaiku *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa* anggitane Sry Satriya Tjatur Wisnu Sasangka taun 2011, *Kamus Bausastra Jawa* kang dihimpun dening Tim Balai Bahasa Yogyakarta taun 2001, lan *Kamus Pepak Basa Jawa* dening Sudaryanto 2001.

Morfologi

Morfologi utawa ilmu bab tembung ngemu teges ilmu kang ngrembug bab tembung. (Sasangka, 2011:38). Tembung iku rerangkene swara kang kawedhar saka saka jrone tutuk kang ngemu teges lan kasumurupan surasane. Widyatembung utawa bab

tembung iku kalebu sempalane paramasastra kang ngrembug lan nyinau bab tembung, lan owahe sawijine tembung liya karana kawuwuhan imbuhan (*afiksasi*), karangkep (*reduplikasi*), utawa kacambor.

Geguritan

Geguritan minangka salah sawijining karya sastra modern. Tembung- tembung ing geguritan dironce maneka cara supaya nuwuhake surasa endah. Gegeuritan utawa puisi mujudake karya sastra kang unik. Pradopo (2012:7) ngandharake yen geguritan iku *ekspresi* pamikiran kang nuwuhake rasa pangrasa, kang ngrangsang *imajinasi* pancandriya sajrone susunan kang nduweni irama

Wernane Basa (Ragam Basa)

Sajrone nulis lan nggunakake basa, saben uwong nduweni pilihan ngenani wernane basa apa kang digawe. Ana rong pandhangan ngenani wernane basa, (1) Werna basa kang disebabake amarga anane keragaman sosial penutur lan keragaman fungsi basa iku dhewe, yen penutur basa kuwi kelompok sing beda-beda, merga etnis, status sosial lan penggawean, (2) Wernane basa kang wis ana kanggo interaksi ing masyarakat, Chaer (2004:81). Miturut panganggone, wernane basa bisa kaperang dadi loro, yaiku wernane basa lisan lan wernane basa tulis. Wernane basa lisan yaiku wernane basa kang digunakake kanthi cara guneman utawa pitutur, dene wernane basa tulis yaiku wernane basa kang digunakake kanthi cara nulis. (Nababan, 1993:22). Dene Chaer (2004:82) uga ngandharake wernane basa yen disawang saka panganggone bisa kaperang dadi papat yaiku: (1) idiolek, (2) dialek, (3) kronolek, lan (4) sosiolek. Flak lan platt (Sajrone Basir, 2010:51) menehi kategori anane dialek *regional* lan *sosial* utawa sosiolek. Dialek regional utawa georafis tuwuh merga anane bedane wilayah utawa panggonan (geografi) yen dijingglengi kanthi saksama bakal menehi werna marang basa (Basir, 2010:56), dialek sosial utawa sosiolek yaiku variasi basa kang gegayutan karo anane status, golongan, lan kelas sosial panutur (Chaer, 1995:84). Sajrone basa Jawa wujud sosiolek yaiku unggah-ungguh basa. Unggah-ungguh basa miturut uhlebeck (sajrone Chaer, 1995:52) Miturut Sasangka (2011:101) Ragam basa adhedhasar unggah-ungguh kaperang dadi ragam basa ngoko, lan ragam basa krama.

Alih Kode

Alih kode (*code switching*) dhasare minangka prastawa ngalih panganggone sawijining kode tumuju sajrone kode liyane. Prastawa alih kode

hakekat-e minangka salah sawijine *aspek* anane padha-padha gumantunge basa sajrone masyarakat bilingual (Basir, 2010: 76). Soewito ing Chaer (2004:114) merang alih kode dadi loro, yaiku alih kode intern lan alih kode ekstern. Tegese alih kode intern yaiku alih kode kang kadaden ing basane dhewe, kayata basa Indonesia ing Jawa utawa suwalike kode ekstern kadaden ing basane dhewe ing basa asing.

Campur Kode

Campur kode bisa ditegesi proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa kasebut dadi saklausa, sajrone wewatesan tembung utawa frasa (Kachru lan Thelandher sajrone Basir 2010:79). Basir merang campur kode adhedhasar aspek nilai sumbangan (*kontribusi* yaiku campur kode *positif* lan campur kode *negatif*. *Campur kode positif* minangka wujud panganggone *unsur* basa liya kaya apa anane ora diowahi unsure merga ora ana padhanan tembung ing basane. Anggone njupuk unsur basa utawa ragam basa liya iku sipate nguyugihake basane. Campur kode iki asipat *positif* lan asipat integratif utawa (nguntungake). *Campur kode negatif* yaiku njupuk lan nggawe unsur basa saka basa liya, nanging ing basane dhewe ana unsur kasebut kang padha, *produktif* lan *reperesentatif*. Campur kode iki asipat *interferensif* utawa nyampur antarane unsur basa siji lan sijine kang ngrugekake..

Kerangka Teori

Panliten iki mujudake panliten panganggone basa kang nggunakake teori ragam basa sajrone chaer (2004), yaiku Wernane basa utawa ragam basa ana rong pandhangan, (1) Werna basa kang disebabake amarga anane keragaman sosial penutur lan keragaman fungsi basa iku dhewe, yenta penutur basa kuwi kelompok sing beda-beda, merga etnis, status sosial lan penggawean. (2) Werna basa kang wis ana kanggo interaksi ing masyarakat (Chaer, 2004:81). Alih kode lan campur kode sajrone Basir (2010).

Miturut Basir (2010:76) Alih kode (*code switching*) dhasare minangka prastawa ngalih panganggone sawijining kode tumuju sajrone kode liyane. Prastawa alih kode *hakekat-e* minangka salah sawijine *aspek* anane padha-padha gumantunge basa sajrone masyarakat bilingual. campur kode minangka wujud panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa dadi sakalusa, kanthi wewatesan tembung utawa frasa (Kachru lan thelandher sajrone Basir 2010:79). Saliyane iku, sajrone ragam basa kang ngrembug Unggah-ungguh basa digunakake panemune Sasangka (2010). Kanggo

ngrembug ngenani panganggone basa kang luput digunakake teorine Tarigan lan Tarigan (1988) lan Sasangka (2011).

METODE PANLITEN

Ancangan Panliten

Kegiatan panliten kang nggunakae objek antologi geguritan *Dalan Tresna* Anggitane Mahasiswa Angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas negeri Surabaya bakal awujud panliten *diskriptif kualitatif*, merga panliten iki menehi deskripsi marang saben-saben underane panliten..

Metode *diskriptif kualitatif* nduweni fungsi kanggo medharake dhata awujud tembung utawa ukara kang ngandhut wernane basa lan salahe nganggo basa kang ana ing sajrone antologi geguritan *Dalane Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 C Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Uninersitas Negeri Surabaya.

Sumber Dhata

Sumber dhata yaiku saka ngendi dhata kang ditintingi. Sumber dhata panliten iki yaiku Antologi Geguritan *Dalan Tresna* Anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Uninersitas Negeri Surabaya. Antologi kasebut ana 240 halaman, kang dumadi saka 237 geguritan, reriptane 24 mahasiswa. kang ditliti 85 geguritan saka 24 mahasiswa.

Dhata Panliten

Dhata panliten iku yaiku awujud tembung, *Frase*, *klausa*, lan ukara kang ngandhut aspek wernane basa, alih kode, camur kode lan salahe nganggo basa sajrone Antologi geguritan *Dalan Tresna* Anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Uninersitas Negeri Surabaya.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama yaiku panliti dhewe. Instrumen panyengkuyung yaiku piranti kang digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata, nganalisis dhata lan nulis asil analisis dhata.

Metodhe lan Tehnik Panliten

Metode panliten yaiku tuntunan ngenani kepriye kanthi urutan panliten dilakoni, nggunakake piranti lan bahan apa, prosedur kepriye. Ing panliten iki tata cara panliten kaperang dadi rong perangan yaiku: (1) tata cara nglumpukake dhata, (2) tata cara ngolah dhata, lan (3) tata cara nyuguhake dhata. Saben cara kasebut nduweni metode lan tehnik dhewe-dhewe kang bakal diandharake ing ngisor iki.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara nglumpukake dhata kanthi cara rinci kaya mangkene:

- tehnik maca yaiku panliti maca antologi geguritan lan nggoleki dhata kang slaras karo panliten.
- Panliti nggoleki wujud wernane basa , alih kode, campur kode lan panganggone basa kang luput sarta nengeri saben tembung lan ukara kang ngandhut perangan kasebut..
- Panliti nyathet dhata-dhata kang slaras karo underane panliten..

Tata Cara Ngolah Dhata

Metodhe lan Tehnik ngolah dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku metodhe padan lan agih. Metodhe padan, piranti panentune ing sanjabane basa dene metodhe agih iki pirantine panentune ana ing sajrone basa iku dhewe (Sudaryanto, 1993:13-15). Tehnik kang digunakake yaiku tehnik pilah yaiku dhata dipilah-pilah miturut underane panliten kaya mangkene :

- Dhata-dhata kang dicatet banjur diperang miturut uderan panliten.
- Sawise dhata kaperang banjur dhata-dhata dianalisis nggubakake analisis kualitatif
- Banjur mbenerake wujud salahe basa sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna*.
- Banjur Njlentrehake sile panliten

Tata Cara Nyuguhake Asil Analisis Dhata

Tata cara nyuguhake dhata nggunakake metodhe formal lan informal. Metodhe formal digunakake kanggo ngitung tataran salahe nganggo basa mahasiswa basa jawa, universitas negeri surabaya lan uga menehi kodhe-kodhe sajrone cuplikan dhata kaya kang ana ing daftar cekakan. Dene metodhe formal digunakake kanggo menehi deskripsi panliten iki liwat tembung-tembung kang dironce, kanthi nggunakake basa Jawa.

Tatacara nulis asile panliten sajrone panliten yaiku asile panliten ditulis kanthi *sistematik* skripsi. Tatacara nyuguhake dhata informal sajrone panliten iki yaiku :

- BAB I : PURWAKA kang isine lelandhesane panliten, underane panliten, tujuwane panliten, paedhahe panliten, wewatesane panliten, lan panjlentrehe tetembungan.
- BAB II : TINTINGAN KAPUSTAKAN kang isine panliten kang saemper, konsep ngenani wernane basa lan salahe nganggo basa, lan lelandhesan teori.

- BAB III : METODHE PANLITEN kang isine
ancangan panliten, dhata lan sumber
dhata, instrumen panliten, metodhe
lan teknik panliten kang diperang
dadi telu, yaiku Tatacara
nglumpukake dhata, Tatacara
nganalisis dhata, lan Tatacara
nyuguhake asil analisis dhata.
- BAB IV : ANDHARAN ASILE PANLITEN
kang isine mujudake andharan saka
asile panliten.
- BAB V : PANUTUP kang isine dudutan lan
pamrayoga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Wernane Basa (Ragam Basa)

Wernane basa kang dienggo sajrone antologi
geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa
angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah,
Universitas Negeri Surabaya arupa: (1) wernane basa
ngoko, (2) wernane basa krama, (3) wernane basa
dialek, (4) wernane basa Jawa-Indonesia, (5) wernane
basa Jawa-Inggris, (6) wernane basa Jawa-Arab.

Wernane Basa Ngoko

Akeh-akehe geguritan ing antologi
geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa
angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah,
Universitas Negeri Surabaya nggunakake basa ngoko.
Wernane basa ngoko sajrone antologi geguritan
Dalan Tresna anggitane Mahasiswa angkatan 2013
B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas
Negeri Surabaya kaperang dadi loro yaiku, ngoko
lugu, lan ngoko alus.

Ngoko Lugu

Wernane basa ngoko lugu sajrone antologi
geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa
angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah,
Universitas Negeri Surabaya dienggo nalika
geguritan ana ing kahanan kang ora resmi, saka
pawongan kang luwih tuwa marang lang luwih enom,
utawa kanggo sapa-dha-padha. Sajrone wernane basa
ngoko lugu iku sekabehe leksikon ngoko, uga kalebu
ngoko kasar. Kaya kang bisa dideleng ing cuplikan
iki:

- (1) dhuk cah ayu
Ayu iku aja mung ana rupa
Nanging terusna ing dhadha
Aja gampang golek mala
Jer urip ing alam donya
Mung sawetara.
(PB, Pd 1, Gt 1-6, WP, DT, Hal 3)

Cuplikan kanthi irah-irahan *Pituture Biyung*
anggitane Wiendo Prasetya iku minangka pitutur saka
wong tuwa marang anake wadon. Wong tuwa ora
perlu basa lan khurmat marang anake, Mula saka iku
geguritan kasebut nggunakake wernane basa ngoko
lugu. Semono uga ing cuplikan kang

Wernane Jawa ngoko kasar kalebu wernane
basa ngoko lugu kang dianggep kasar lan saru yen
digawe cecaturan. Ngoko kasar uga tinemu ing
antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane
Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan
Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya Kaya
cuplikan ing ngisor iki:

- (2) Kowe Jawa sing kaya apa

Apa Jawa sing muni jancok neng ngarepe
wong tuwa
(SP, Pd 2, Gt 2-3, NC, DT, Hal 154)

Cuplikan ing ndhuwur geguritan kanthi irah-
irahan *SAPA* basa ngoko kasar bisa dideleng ing
ukara '*Apa Jawa sing muni jancok neng ngarepe
wong tuwa*' ing geguritan iki pangripta nyuntak rasa
prihatin lan nesune marang kahananane wong Jawa ing
jaman saiki kang wis ilang unggah-ungguhe. Kanggo
mbangetake rasa nesune banjur pangripta
nggunakake basa Jawa ngoko kasar. Sajrone ragam
basa ngoko lugu tinemu wujud panganggone basa
kang luput. Wujud panganggone basa kang
kaandharake ing ngisor iki:

Panganggone Basa Kang Luput Awujud Luput sajrone Panulisan Vokal Basa Jawa

Sasangka (2011: 26) ngandharake panulisan
vokal basa Jawa nganggo aksara latin kang
mbingungake iku panulisan antarane swara /a/ jejeg
utawa [ɔ], swara /i/ jejeg utawa [i].

Panganggone Basa Kang Luput sajrone panulisan swara [ɔ]

Ing basa Jawa panulisan swara [ɔ] utawa
vokal /a/ jejeg kudune katulis nganggo a dudu aksara
o, nanging ing antologi geguritan *Dalan Tresna*
anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan
Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri
Surabaya isih tinemu salah anggone nulis swara [ɔ]
kaya cuplikan ing ngisor iki:

- (3) Kathik ana sepi **sepo**

.....
Kathik ana sepi pa **sepo**

(SI, Pd 1, Gt 2, EP, DT, Hal 63)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake panulisan
vokal /a/ jejeg utawa swara [ɔ] kang ditulis nganggo
aksara /o/ yaiku ing tembung *sepo* kudune, tembung
sepo kasebut ditulis *sepa* (səpɔ).

Tembung *sepa* kang mawa swara [ɔ] yen tinulis nggunakake aksara /o/ dudu /a/ bisa ngowahi teges tembung kasebut. Tembung *sepa* sajrone kamus basa Jawa ngemu teges *tanpa rasa*. Nanging, yen tinulis nganggo aksara /o/ tegese ora ditemokake ing basa Jawa. Tembung kasebut diarani panganggone basa kang luput perangan *ortografi* yaiku salah nulis ejaan basa Jawa swara [ɔ] kang kudune ditulis nggunakake aksara /a/ nanging ditulis nggunakake aksara /o/, tembung kasebut dumadi ing saperangan geguritan ing antologi geguritan *Dalan Tresna*. Bab kasebut dumadi jalaran saka pangucapane kang memper karo swara [o].

Panganggone Basa Kang Luput sajrone Panulisan vokal /i/

Pranatan basa Jawa merang vokal /i/ dadi swara [i] utawa swara /i/ jejeg lan [I] utawa swara /i/ miring, kekarone kudu ditulis kanthi nggunakake aksara /i/ dudu nggunakake aksara /e/ masiya swarane [I] memper karo swara [e]. ing antologi geguritan *Dalan Tresna* Anggitane Mahasiswa Angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Daerah, Universitas Negeri Surabaya isih ditemokake salah panulisan swara [I] kaya ing ngisor iki:

- (4) Aku kon **ngaleh** saka ngarsane
(SRSI, Pd 1, Gt 7, WR, DT, Hal 55)

Cuplikan ing ndhuwur swara [I] kudune ditulis nganggo kasara /i/ nanging ditulis nganggo aksara /e/ yaiku tinemu ing tembung *ngaleh* kudune ditulis kaya ing ngisor iki:

ngaleh → ngalih [ŋalih]

Panulisan swara kang luput bisa ndadekake owahe teges tembung kasebut. Tembung *ngalih* [ŋalih] sajrone kamus basa Jawa tegese *ganti panggonan*, yen Tembung *ngaleh* tegese ora tinemu ing kamus. Tembung kasebut diarani panganggone basa kang luput perangan *ortografi* yaiku luput anggone nulis ejaan basa Jawa swara [I]. Swara /i/ miring kudune ditulis nggunakake aksara /i/ nanging ditulis nggunakake aksara /e/ bab kasebut duamadi jalaran tembung- tembung kasebut pangucapane kang memper karo swara [e]. Wujude panganggone basa kang luput swara [i] uga tinemu ing antologi geguritan *Dalan Tresna* kaya ing ngisor iki:

- (5) Sliramu sing **lewat** ning ngrepku
(TK, Pd 1, Gt 2, NNS, Hal 101)

Tembung *lewat* sajrone cuplikan ing ndhuwur mawa swara /i/ jejeg mula kudune ditulis nganggo aksara /i/ kaya mangkene:

lewat → liwat [liwat]

Andharan ing ndhuwur ngandharake yen tembung *lewat* kudune ditulis *liwat*. Tembung *liwat* dhewe nduweni teges *mlaku (ngambah ing)*, dene yen lewat ora tinemu ing sajrone kamus nanging tembung *lewat* minangka tetembungan basa Indonesia kang nduweni teges padha, Panulisane tembung *liwat* dadi *lewat* akeh ditemokake ing antologi geguritan *Dalan Tresna*, meh saben tembung lewat ditulis kanthi tembung merga kena pangaribawane basa Indonesia.

Panganggone Basa Kang Luput Sajrone Panulisan vokal /u/

Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* Anggitane Mahasiswa Angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Daerah, Universitas Negeri Surabaya isih ditemokake salah panulisan swara [U] kaya ing ngisor iki

- (6) Sing bisa mangerteni **among** barang kang kasimpèn ing dasar bumi
(NGG, Pd 1, Gt 11, WP, DT, Hal 12)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake wujud lupute panulisan vokal /u/ yaiku ing tembung *among*, kang kudune ditulis kanthi aksara /u/, ditulis nggunakake aksara /o/. Kudune tembung kasebut ditulis kaya mangkene:

among → amung [amun]

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan kasebut salah anggone nulis. Panganggone basa kang luput kasebut bisa ngowahi tegese tembung kasebut. Tembung *among* utawa *mung* sajrone kamus ngemu teges *ora ana liyane*, dene yen tembung *among* ngemu teges *momong*, *ngopeni*, *ngulatake*. Tembung *amung* kang tinulis dadi *among* ora mung ana ing cuplikan geguritan ing ndhuwur nanging meh saben geguritan kang nggunakake tembung *amung* iku ditulis dadi *among*.

Tembung kasebut diarani panganggone basa kang luput perangan *ortografi* yaiku salah nulis ejaan basa Jawa swara [U] kang kudune ditulis nggunakake aksara /u/ nanging ditulis nggunakake aksara /o/ jalaran saka pangucapane kang memper karo swara [o], dene tembung *tolung* iku kalebu swara [u] utawa /u/ jejeg uga kudu ditulis nganggo aksara /u/ nanging saperangan geguritan salah naggone nulis merga kena dayane basa dialek.

Panganggone Basa Kang Luput Sajrone Panulisan Swara [e]

Tinemu isih tinemu luput anggone nulis swara [ɔ] antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya kaya cuplikan ing ngisor iki:

- (7) Mung **pingin** mardika
(M, Pd 4, Gt 3, WP, DT, Hal 5)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake wujud lupute panulisan swara [e] lan swara [ɛ] yaiku ing tembung *pingin* kang kudune ditulis kanthi aksara /e/, ditulis nggunakake aksara /i/. Kaya mangkene andharane:

pingin → penguin [penɪn]

Panulisan tembung kasebut bisa ndadekake owahe teges saka tembung kasebut utawa malah ora tinemu tegese dadi tembung tanpa teges. Tembung *penguin* sajrone kamus basa Jawa nduweni teges *nduwe karep, arep banget*, dene tembung *pingin* ora ana tegese ing kamus. Tembung kasebut diarani panganggone basa kang luput perangan *ortografi* yaiku salah nulis ejaan basa Jawa swara [e] lan [ɛ] kang kudune ditulis nggunakake aksara /e/ nanging ditulis nggunakake aksara /i/ jalaran pangripta bingung lan wedi yen kliru nulis antarane swara [I] lan swara [e] utawa [ɛ].

Panganggone Basa Kang Luput Sajrone Panulisan Konsonan Basa Jawa

Pocapan ing basa Jawa lan tulisan iku ora mesthi padha mula kudu dirembug kanthi mirugan. Ing ngisor iki bakal diwedharake ngenani salah panulisan konsonan basa Jawa.

Panganggone Basa Kang Luput Sajrone Penulisan Aspirat

Senadyan swara anteb basa Jawa asring kaucapake mawa kepanjangan swara aspirat. Swara aspirat iku panulisan ora perlun ana. Wujud panganggone basa kang luput konsonan aspirat bisa dideleng ing cuplikan iki:

- (8) Nalika aku dadi **bledhug** sing kabur kanganan
(KAN, Pd 1, Gt 9, NWM, DT, Hal 24)

Tembung kang ana ing cuplikan ing ndhuwur iku aksara /h/ ora kudu ditulis amarga mujudake swara *aspirat* [h] kaya mangkene andharane:

bledhug → bledug [blədʰug]

Panulisan tembung kang owah saka pranatan basa Jawa utawa paramasastra Jawa bisa ndadekake owahe teges tembung kasebut. Tembung *bledug* sajrone basa Jawa ngemu teges *lebu kang katut ing angin*, dene tembung *bledhug* sajrone basa Jawa ngemu teges *embel; blethok; lendhut*. Mula, dideleng liwat tegese kang cocog klawan wujud ukara ing geguritan iku tembung *waspada* dudu

waspadha, lan tembung bledug dudu *bledhug*. Wujud panganggone basa kang luput awujud panganggone konsonan uga ditemokake ing tembung iki: Andharan ing ndhuwur Nuduhake Mahasiswa isih bingung mbedakake antarane retofleks apa aspirat mula lira-liru antarane swara retofleks [ɖ] lan [t] apa aspirat [ɖʰ] lan [tʰ] iku akeh banget dumadi ing antologi geguritan *Dalan Tresna*. Bab kasebut kudu luwih digatekake maneh tumrap para mahasiswa, Merga panganggone basa kang luput kasebut bisa mbedakake makna sajrone geguritan.

Panganggone Basa Kang Luput Sajrone Penulisan Retofleks

Panulisan retoflek pancen rada mbingungake amarga kena pengaruhe basa Indonesia. ing basa Indonesia swara Swara [t] lan [ɖ] retoflek ditulis nganggo aksara /t/ lan /d/ biasa bab kasebut nyebabake anane salah panulisan ejaan kang gegayutan karo retoflek. Swara [t] lan [ɖ] retofleks uga kudu ditulis nganggo /th/ lan /dh/. wujud salah panulisan retoflek kaya cuplikan ing ngisor iki:

- (9) Kahanane **kadang** sepi **kadang** rame
(KKN, Pd 1, Gt 1, FNK, DT, Hal 174)

Cuplikan ing ndhuwur salah panulisan retofleks [ɖ] ana ing tembung *dadaku, kadang* lan *sedepe*. Wujud salahe panulisan *retofleks* [ɖ] bisa diandharake kaya mangkene:

kadang → kadhang [kaɖaŋ]

Tembung *kadang* ngemu teges *sedulur*, dene tembung *kadhang* ngemu teges *ora kerep*. Andharan kasebut nuduhake yen kang plan cocog karo ukaran yaiku *kadhan*. Salah panganggone basa konsonan perangan retoflek [t] lan [ɖ] ora mung Dumadi ing geguritan ing ndhuwur nanging akeh tinemu ing saperangan geguritan liyane ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 b, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya.

Bab kasebut dumadi merga salawase ngangsu kawruh ing sekolahan nggunakake basa Indonesia kang panulisan antarane swara [d]-[t] lan [ɖ]-[t] iku padha tanpa kawuwuhan aksara /h/. Kesalahan sajrone panulisan retofleks kudu luwih digatekake maneh merga akeh banget tinemu ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013B Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Uiversitas Negeri Suarabaya. Panganggone basa kang luput kasebut bisa ngowah makna sajrone geguritan kasebut.

Panganggone Basa Kang Luput Sajrone Penulisan Mandaswara

Wujud salah panulisan mandaswara karya ing ngisor iki:

- (10) Kang setya tuhu **nguatake** lakon uripmu
(SC, Pd 2, Gt 7, NWM, DT, Hal 19)

Cuplikan ing ndhuwur tinemu anggone nulis tembung *nguatake* kudune ditulis nguatake merga minangka mandaswara dadi kudu diseseli swara [w] ing natarane vokal /u/ lan /a/. Cuplikan data-data ing dhuwur nuduhake yen mahasiswa basa Jawa angkatan 2013 isih durung mangerteni ngenani tata panulisan mandaswara. Saliyane iku bab panulise mandaswara kang salah iku merga saka dayane basa Indonesia iku bisa dideleng saka tembung *kuat* minangka tembung kang uga ana ing basa Indonesia.

Panganggone Basa Kang Luput Awujud Tembung Andhahan

Panganggone basa kang luput perangan morfologis kang dumadi sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya yaiku panganggone basa kang luput awujud tembung andhahan (luput anggone menehi imbuhan).

Tembung andhahan yaiku tembung kang wis owah saka linggane, bisa kanthi muwuhake ater-ater, seselan utawa panambang. Adhedhasar dhata panliten kang ditliti tinemu panganggone basa kang luput awujud tembung andhahan yaiku:

Imbuhan (afiksasi) N- -Ake (Anuswara - - ake) Owah Dadi N- -na (Anuswara - -na)

Imbuhan N- -ake ing basa Jawa kang sumambung ing tembung lingga bakal njalari sawijining bab kaya kasebut ing linggane (*kausatif*). Dene imbuhan N- -na ora tinemu ing pranatan basa Jawa. Nanging para mahasiswa basa Jawa angkatan 2013 B, Universitas Negeri Surabaya akeh kuwalik imbuhan kang kudune A- ake malih dadi A- -ana. Wujud kasalahane basa kasebut bisa dideleng cuplikan iki:

- (11) Para pahlawan **merjuangna** negara
(M, Pd 1, Gt 4, WP, DT, Hal 5)

Tembung kang kacethak kandel nuduhake panganggone basa kang luput. Tembung *merjuangna* kududne ditulis *merjuangake*, merga ing basa Jawa anane imbuhan N- - ake. Kesalahan panulisan kasebut amarga pangaribawane dialek, lan pangucapan lesan kang kadhang kala ngucapake imbuhan -ake iku owah dadi imbuhan -na.

Panganggone Basa Kang Luput Awujud Imbuhan Anuswara (N-)

Anuswara utawa swara irung bisa dadi ater-ater. Ater-ater anuswara (N-) minangka sawijine ater-ater kang meh padha karo awalan *meng-* (meN-) basa Indonesia. ater-ater anuswara nduweni teges (a) nindakake pakaryan kaya kang kasebut ing linggane utawa nindakake pakaryan <lingga>, (b) ngandhakake kaanan/watak sawijining bab kaya kang kasebut ing linggane. Saka dhata kang ditliti tinemu panganggone Anuswara nanging ora ditulis mula surasane malih ora kepenak kaya ing ngisor iki:

- (12) Banjur ora bisa **bacutake** ilmune
(K, Pd 2, Gt 2, WP, DT, Hal 7)

Tembung *bacutake* kudune ditulis *mbacutake*, Kaya mangkene andharane:

{N- -ake} + *bacut* = *mbacutake*

Dadi ukarane → Banjur ora bisa *mbacutake* ilmu

Ukara ing ndhuwur dirasa ganjil merga Tembung-tembung kang kudune diwenehi ater-ater (N-) merga nduweni teges 'nglakoni pakaryan kaya kang kasebut ing linggane' nanging ora diwenehi. Bab kasebut ora mung ditemoni sajrone geguritan ing ndhuwur nanging uga tinemu ing saperangan geguritan liyane. Saliyane iku uga ana salah panganggone ater-ater {N-} kaya mankene:

- (13) Cahyane **nengsemake**
(PSY, Pd 1, Gt 3, ESR, DT, Hal 75)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen panulisan N- iku kliru merga yen ater-ater nasal temu karo tembung kang didhisiki aksara konsonan /s/ kaya tembung sengsem aksara /s/ iku lebur dadi /ny/ dadi tembung *nengsemake* kudune ditulis *nyengsemake*. Bab salah anggone nulis kasebut bisa ndadekake salah panampane makna sajrone geguritan.

Panganggone Basa Kang Luput Awujud Pangrakite Imbuhan lan Tembung

Sajerone pangrakite tembung klawan imbuhan akeh tinemu wujud panganggone basa kang luput. Bab kasebut dumadi merga kurang mangertine mahasiswa karo babagan tata tulise tembung andhahan utawa tembung mawa imbuhan. Bab kasebut uga bisa dumadi merga anane pangaribawa saka tata tulis basa Indonesia. sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa angkatan 2013 B, jurusan pendidikan bahasa dan

sastra daerah uga tinemu anane salahe nganggo basa wujud salah pangrakite tembung klawan imbuhan kaya ing ngisor iki:

- (14) **Ngertiya** yen wong wado iku kudu duweni rega
(KM, Pd 1, Gt 7, NNS, DT, Hal 100)

Tembung *ngertiya* kudune ditulis ngertia amerga minangka tembung andhahan.

{N- -a} + kerti = ngertia
Mandaswara iku mung ana ing tembung lingga Saka andharan kasebut genah yen tembung kasebut dudu mandaswara nanging klebu tembung andahan. Dadi panulisane ora nganggo seselan aksara /y/ ing tengahe rong vokal. Saliyane iku uga tinemu pangrakite imbuhan lan tembung kang kudune digandheng nanging dipisah kaya ing ngisor iki:

- (15) Durung bisa **di ganteni**
(CR, Pd 2, Gt 4, NNS, DT, Hal 95)

Ater-ater *di-* panulise kudu digandheng karo linggane, dadi panulisane kaya mangkene. Tembung *di ganteni* kudune ditulis *diganten*. Bab iki kudu oleh kawigaten rada akeh merga ing antologi geguritan *Dalan Tresna* kabeh imbuhan kasebut katulis kanthi dipsah karo linggane.

Ngoko Alus

Kang dimaksud ngoko alus mujudake bentuk unggah-ungguh kang ing jerone ora mung dumadi saka *leksikon* ngoko lan netral wae, nanging uga dumadi saka leksikon, krama inggil, krama andhap, lan krama. Wujude wernane basa ngoko alus bisa dideleng ing cuplikan ing ngisor iki:

- (16) Asmamu tetep urip ana ing ati
(TMI, Pd 1, Gt 19, LBNFS, DT, Hal 126)

Cuplikan ing ndhuwur geguritan kanthi irah-irahan *Tresna Marang Ibu* anggitane Livianida BNFS tinemu wernane basa ngoko alus katitik anane *leksikon* krama yaiku ing tembung *asmamu*. Pangripta nggunakake wernane basa ngoko alus merga geguritan kasebut wujud *komunikasi* klawan ibune kang kudu dihormati saengga diselipake *leksikon* krama ing geguritane.

Wernane Basa Krama

Wernane basa krama digunakake kanggo cecaturan klawan wong kang luwih tuwa utawa kang dihormati. Wernane basa krama tinemu ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya kaperang dadi loro yaiku:

Krama Lugu

Tetembungan lugu sajrone krama lugu ora padha karo istilah lugu ing ngoko lugu. Teges lugu sajrone nduweni makna anane leksikon sajrone unggah-ungguh basa kasebut kabeh arupa ngoko. Dene sajrone krama lugu dudu sekabehe tembung kalebu wernane basa krama nanging uga ana wernane basa ngoko, netral, madya lan ditambah leksikon krama inggil utawa andhap. Nanging kang kalebu *leksikon* krama lugu yaiku ngoko, madya lan netral dene krama inggil mung digawe kanggo ngormati mitra tutur (Sasangka, 2010: 112). Bisa dimangerteni yen krama lugu minangka basa krama kang kadar kaalusane asor dhewe. Wujude bisa dideleng ing ngisor iki:

- (17) yen ora nyuwun marang panjenengan
(PY, Pd 2, Gt 2, DYR, DT, Hal 109)

Cuplikan kanthi irah-irahan *Panyuwunku* anggitane Dyah Yunita R tinemu basa krama lugu merga uga tinemu leksikon ngoko ing tembung, yen, ora lan marang.

Krama Alus

Wernane basa krama alus digunakake kanggo cecaturan klawan wong kang luwih tuwa utawa kang dihormati. Wernane basa krama alus tinemu ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya :

- (18) dhuh gusti ing kang murbeng dumadi
ingkang nggadhahi bumi
kenging menapa kula diparingi sangsara
(dg, pd 1, gt 1-3, wp, dt, hal 1)

Cuplikan geguritan ing dhuwur bisa dideleng panganggone wernane basa krama ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya. Cuplikan) saka geuritan kanthi irah-irahan *Dhuh Gusti* pangripta cecaturan marang Gusti mula nggunakake ragam basa krama. Gusti minangka sesembahan para mahluk ing donya iki mula kanggo ndudohake rasa khurmat pangripta nggunakake wernane basa krama.

Wernane Basa Dialek

Basa ngoko kang digunakake ing kene isih bisa kaperang maneh amarga anane dialek. Dialek kang ana ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya ana loro yaiku dialek surabayan lan dialek bojonegaran.

Dialek Surabayan

Dialek surabayan yaiku dialek kang digawe kelompok masyarakat kang urip ing tlatah surabaya lan sakupenge yaiku Sidoarjo, Mojokerto, Jombang lan Gresik. Dialek surabayan kang tinemu ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya bisa dideleng ing ngisor iki:

(19) Godhong-godhong padha **lugur**

(CD, Pd 2, Gt 1, LBNFS, DT, Hal 133)

Cuplikan kasebut nuduhake anane wernane basa dialek suroboyoan. Ing kene wernane basa Jawa suroboyoan kang ditulis kandel yaiku *lugur*.

Dialek Bojonegaran

Dialek bojonegaran yaiku basa *dialek* kang digawe masyarakat kang urip ing tlatah bojonegara lan sakupenge. Ing ngisor iki tuladha dialek bojonegaran:

(20) basaku dudu **basanem**

basaku beda karo **basanem**

basaku seje karo **basanem**

iki basaku dudu **basanem**

(BDB, Pd 1, Gt 1-4, NWM, DT, Hal 22)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane wernane basa Jawa dialek bojonegara dialek kasebut ditandani digantine klitik /mu/dadi /em/. Wernane basa Jawa dialek tuwuh amarga para pengguri urip ing tengah-tengah masyarakat kang nganggo dialek kasebut wiwit cilik utawa sajrone wektu kang suwi.

Wernane Basa Jawa-Indonesia.

Minangka bangsa Indonesia kita nduweni basa *nasional* yaiku basa Indonesia. Mula saka iku saben pawongan mesthi diwulang basa Indonesia sajrone pamulangan. Basa pengantar kang digawe ing sekolahan uga nggunakake basa Indonesia. Mula lumrah yen para mahasiswa jurusan basa Jawa, UNESA ora asing lan nguwasani basa Indonesia pada karo basa Jawa, malahan bisa luwih nguwasani basa Indonesia tinimbang basa Jawa kang sabenere. Mula sajrone ngripta sastra saperangan ana campuran basa Jawa lan basa Indonesia kaya tuladha geguritan ing ngisor iki:

(21) **Politik ,sosial**, budaya

(KR, Pd 1, Gt 4, MW, DT, Hal 29)

Cuplikan ing ndhuwur nggunakae basa campuran tembung saka basa Indonesia amarga tembung-tembung kasebut ora ditemokake ing basa Jawa yaiku tembung *politik*, *sosial* diserap saka basa Indonesia merga ora ditemokake ing basa Jawa.

(22) yen di thuthuk nganggo **alat** sing isa

(WT, Pd 2, Gt 4, LBNFS, DT, Hal 131)

Cuplikan ing ndhuwur sabenere basa tembung-tembung basa Indonesia bisa dinganti ing

basa Jawa lan ora ngurangi kaendahane. Kaya dene cuplikan saka geguritan kanthi irah-irahan *watu* anggitane Liviana BNFS tembung *alat* ing basa bisa diganti *piranti*. Digantine tembung kasebut malah nambahi kaendahan lan dirasa trep marang teges kang dipengeneke pangripta. Pangripta nggunakake basa Indonesia bisa dideleng ora amarga kebutuhan, nanging durung weruh tembung kasebut ing basa Jawa kang sabenere uga ana lan yen diganti uga ora ngurangi kaendahan geguritan kasebut.

Campuran basa Jawa-Inggris

Wujud campur kode saka basa Jawa menyang basa Inggris uga digunakake ing antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya, bab iku bisa disawang Cuplikan ing ngisor iki:

(23) Enom tuwa padha **facebookan**

(FB, pd 2, GT 1, FNK, DT, Hal 179)

Cuplikan geguritan kanthi irah-irahan *facebook* anggitane Fidy Nur K tembung *facebook* sejatine saka tembung basa Inggris nanging wis lumrah digawe ing basaj Jawa kanggo nyebutake sawijine *sosial media* kang akeh digandrungi ing jaman saiki.

Wernane Basa Jawa-Arab

Wernane basa Jawa-Arab ditemokake ing saperangan geguritan. Wernane basa iki minangka campuran basa Jawa lan basa Arab. Wujud wernane basa Jawa-Arab bisa dideleng ing cuplikan iki:

(24) Nyapo kok aku isih lungkrah

Ya alloh ya robbi

(TII, Pd 2, Gt 5-6, SMR, DT, Hal 45)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake wernane basa Jawa-Arab. Wernane basa Jawa-Arab tinemu ing tembung *Alloh* lan *Robbi* tembung kasebut minangka sebutan kagem asmane gusti ing agama islam.

Alih kode

Kedadayan malihe saka klausa sawijine basa menyang basa liya diarani alih kode utawa Alih kode iku malihe ragam basa siji ing ragam basa liyane. Alih kode ora mung kewates bab basa nanging malihe antaraning varian, raga, dialek .Alih kode kaperang dadi alih kode intern lan alih kode ekstern kaya kang ana ing antologi geguritan *Dalan tresna*.

Alih Kode Intern

Tegese alih kode intern yaiku alih kode kang kadaden ing basane dhewe, bisa awujud basa utawa rvarian basa. Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane mahasiswa jurusan Bahasa dan

Sastra daerah. Tinemu alih kode ngoko-krama lan krama ngoko. Supaya luwih jelas bisa dideleng data ing ngisor iki:

Alih Kode Ngoko-Krama

Pangripta ing kene nguwasani maneka warna basa, mula wernane basa kasebut ditrapake ing geguritane. Mawa basa pangripta bebas anggone gonta-ganti basa supaya surasane geguritan dimngerteni karo pamaca. Ing ngisor iki minangka wujud panganggone alih kode intern:

(25) Adoh saka netraku

(CDR, Pd 2, Gt 4, SMR, DT, Hal 37)

Cuplikan kasebut nuduhake anane alih kode saka ragam krama menyang ragam ngoko. Tembung *netraku* minangka wujud anane alih kode.

Alih Kode Krama –Ngoko

Pangripta ing kene nguwasani maneka warna basa mula wernane basa kasebut ditrapake ing geguritane. Mawa basa pangripta bebas anggone gonta-ganti basa supaya surasane geguritan dimngerteni karo pamaca. Ing ngisor iki minangka wujud panganggone alih kode intern:

(26) Panjenengan ingkang nglairake aku

(IBU, Pd 1, Gt 2, RH, DT, Hal 169)

Cuplikan kasebut nuduhake anane alih kode saka ragam krama menyang ragam ngoko. Ukara *panjenengan ingkang nglairake aku*, tembung *nglairake aku* minangka wujud alih kode. Anane alih kode amerga pangripta nguwasani ragam basa kasebut. lan minangka panyesuaian kanggo dapa geguritan iku diripta. mula kanggo ngormati ibu kang nglairake, pangripta nggunakake tembung sesulih purusa basa krama yaiku panjenengan.

Alih Kode Ekstern

Alih kode ekstern kadaden ing basane dhewe ing basa asing. Kayata basa Jawa klawan basa Inggris lan suwalike. Wujud alih kode ekstern kang dumadi sajrone Antologi geguritan *Dalan Tresna* bisa dideleng ing ngisor iki:

Alih kode Basa Jawa-Indonesia

Saliyane nduweni basa ibu (B1) ing basa Jawa pangripta uga nggunakake basa Indonesia. basa Indonesia dikuwasani amerga basa kasebut kang digawe ing basa pengantar sajrone sekolahan. Mula pangripta uga nguwasani basa Indonesia padha apike karo basa Jawa. wujud panganggone alih kode basa Jawa ing basa Indonesia bisa dideleng ing ngisor iki:

(27) Ngancani driji nyuntak inspirasi

(KB, Pd 1, Gt 2, NWM, DT, Hal 23)

Cuplikan kasebut minangka wujud anane alih kode basa Jawa ing basa Indonesia. Tembung

kang nuduhake anane malihe basa yaiku tembung *inspirasi*, tembung *inspirasi* minangka tembung basa Indonesia. Anane alih kode saka tembung- tembung ing ndhuwur merga ora tinemu padhanane ing basa Jawa kang cocog.

Alih Kode Basa Jawa-Basa Arab

Agama Islam minangka agama kang mayoritas utawa paling akeh dianut karo masyarakat Indonesia. Sajrone jurusan basa Jawa, Universitas Negeri Surabaya agama Islam uga agama kang akeh dianut dening mahasiswa. Para panganut agama Islam mesthi mangerteni sithik-akehe basa Arab merga minangka basa kang digawe ing kitab suci. Mula tinemu malihe basa saka basa Jawa ing basa Arab kaya ing ngisor iki:

(28) Nyapo kok aku isih lungkrah

Ya Allah ya Robbi

(TII, Pd 2, Gt 5-6, SMR, DT, Hal 45)

Cuplikan ing nduwur nuduhake anane malihe basa saka basa Jawa ing basa Arab. Bab kasebut kabukti saka frasa *Ya Allah ya Robbi, Allah lan Robbi* minangka sebutan kagem Gusti pangeran.

Campur Kode

Campur kode bisa ditegesi proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa kasebut dadi saklausa, sajrone wewatesan tembung utawa frasa. Campur kode bisa kedadean antarane ragam, anatarane basa, lan sapanunggalane. Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna*, anggitane mahasiswa angkatan 2013, jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya wujud campur kode yaiku:

Campur Kode Positif

Campur kode positif minangka wujud panganggone unsur basa liya kaya apa anane ora diowahi unsure merga ora ana padhanan tembung ing basane. Anggone njupuk unsur basa utawa ragam basa liya iku sipate ngyugihake basane. Campur kode iki asipat *positif* lan asipat integratif utawa (nguntungake). Ing ngisor iki bakal diandharake cuplikan geguritan kang ngandhut campur kode positif:

Campur Kode Basa Jawa-Basa Indonesia

Campur kode positif bisa dumadi merga ora ana padhanan tembung ing basa Jawa. Tujuwan anane campur kode saliyané supaya bisa dimangerteni dening pamaca, uga supaya nambahi kaendahan sajrone geguritan. Wujud campur kode basa Jawa – basa Indonesia bisa dideleng ing ngisor iki:

(29) Jaman-jamane teknologi

Kabeh wis padha canggih
(WG, Pd 1, Gt 7, 8, ARM, DT, Hal 238)

Cuplikan (30) wujud campur kode ana ing tembung *teknologi* lan *canggih*. Tembung *teknologi* nduweni teges piranti pinter kanggo menakake pakaryane manungsa, dene *canggih* tegese piranti pinter. Campur kode dianggo ing geguritan kasebut kanthi alesan, amarga ora ana padhanan tembung sing cocog karo tetembungan kasebut.

Campur Kode Basa Jawa-Basa Dialek

Alesan anane campur kode bisa werna-werna yaiku: (1) tetembungan kasebut ora ana padhanan ing basane, (2) kanggo nambah kaendahane basa, (3) prestise, lan (4) alesan pribadine pangripta. Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna*, anggitane mahasiswa angkatan 2013, jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya wujud campur kode kepingin ngenalake dialeke marang pamaca kaya ing ngisor iki:

(30) basaku dudu **basanem**

basaku beda karo **basanem**
basaku seje karo **basanem**
iki basaku dudu **basanem**
(BDB, Pd 1, Gt 1-4, NWM, DT, Hal 22)

Cuplikan ing ndhuwur saka geguritan kanthi irah-irahan *Basaku dudu basanem* anggitane Novia Widi. Cuplikan kasebut minangka wujud campur kode positif saka basa Jawa menyang dialek bojonegaran. Wujud dialek kabuktekake saka anane klitik –em ing tembung *basanem*. Pangripta nglakoni campur kode merga nduweni alasan pribadi yaiku kanggo ngenalake wujud dialek daerah marang pamaca.

Campur Kode Basa Jawa-Basa Arab

Agama islam minangka agama kang mayoritas utawa paling akeh dianut karo masyarakat Indonesia. Sajrone jurusan basa Jawa, Universitas Negeri Surabaya agama islam uga agama kang akeh dianut dening mahasiswa. Para panganut agama islam mesthi mangerteni sithik-akehe basa arab merga minangka basa kang digawe ing kitab sucine. Mula tinemu campur kode saka basa Jawa ing basa Arab kaya ing ngisor iki:

(31) Aja lali nyembah gusti pangeran gusti alloh (AK, Pd 5, Gt 8, WP, DT, Hal 14)

Cuplikan ing ndhuwur kang minangka wujud campur kode yaiku tembung Alloh, tembung Alloh tegese gusti minangka sebutan gusti pangeran kanggo wong kang nganut agama islam. Pangripta kapeksa nggunakake campur kode amarga tembung alloh ora kena diganti panyebute lan kanggo nuduhake kaislamane.

Campur Kode Basa Inggris-Basa Jawa

Pangripta minangka wong dwibasa saengga bisa nggunakake luwih saka siji basa sing dienggo. Basa kang dienggo bisa dicampurake kanthi sadar utawa ora sadar. Panganggone basa inggris ing kene amarga basa kasebut ora tinemu padhanane.

(32) Handphone dadi cekelan

Laptope dadi jingglengan
Mall dadi dolanan
(PS, Pd 2, Gt 2-4, DNR, DT, Hal 187)

Cuplikan ing ndhuwur tembung nuduhake campur kode positif saka basa inggris menyang basa jawa. tembung *handphone*, *laptope*, lan *mall* ora ana padhanane ing basa jawa merga tembung-tembung kasebut jeneng sawijining piranti lan panggonan.

Campur kode Basa Jawa-Basa Indonesia-Basa Jawa

Basa Indonesia minangka basa nasional kang diwulangake ing sekolahan. Bab kasebut ndadekake para mahasiswa mesthi nguwasani basa Indonesia padha Apike karo basa Jawa, saengga para mahasiswa bisa bebas nyampur basa kang dikuwasani. Wujud campur kode bisa dideleng ing cuplikan ngisor iki:

(33) Nganggo teknologi apa kang bisa (AK, Pd 5, Gt 3, WP, DT, Hal 14)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane campur kode. Wujud campur kode katara ing tembung *teknologi* tembung *teknologi* ngemu teges piranti kanggo menakake pakaryane manungsa. Bab campur kode dilakoni dening pangripta amarga ora tinemune padhanan tembung kang cocog ing basa Jawa.

Campur Kode Negatif

Campur kode negatif yaiku njupuk lan nggawe unsur basa saka basa liya, nanging ing basane dhewe ana unsur kasebut kang padha, *produktif* lan *reperesentatif*. Campur kode iki asipat *interferensif* utawa nyampur antarane unsur basa siji lan sijine kang ngrugekake. Wujud kasebut dirasa negatif amarga ana gegyutane karo pangremabakane basa. Wujud campur kode negatif bisa dideleng ing andharan ngisor iki:

Campur Kode Ragam Ngoko-Ragam Krama

Campur kode saka ragam ngoko menyang ragam krama nduweni maneka werna alesan bisa uga nuduhake yen pangripta nguwasani babagan basa. Wujud ragam krama dianggo pangripta kena dayane mitra tutur yaiku pacangane. Kaya andharan ing ngisor iki:

(34) adoh saka netraku

(CDR, Pd 2, Gt 4, SMR, DT, Hal 37)

Cuplikan kasebut minangka campur kode saka ragam ngoko menyang krama. Tembung kang nuduhake campur kode yaiku tembung *netra*. Tembung kasebut iki nduweni sipat negatif amarga awake dhewe ing basa Jawa ora kena dikramakake, lan nduweni tembung sing padha lan tuwuh *representatif*. Tembung *netra* ana ing ragam ngoko yaiku mata.

Campur Kode Ragan Krama-Ragam ngoko

Campur kode saka ragam krama menyang ragam ngoko nduweni maneka warna alesan bisa uga nuduhake yen pangripta nguwasani babagan basa. Wujud ragam krama dianggo pangripta kena dayane mitra tutur yaiku pacangane. Kaya andharan ing ngisor iki:

(35) Nitih kapal miber
(DK, Pd 2, Gt 2, ADS, DT, Hal 122)

Cuplikan ing ndhuwur minangka campur kode saka ragam krama. Tembung kang nuduhake campur kode yaiku tembung *nitih*. Tembung kasebut iki nduweni sipat negatif amarga nduweni tembung kang padha lan tuwuh *representatif*. Tembung *nitih* ana ing ragam ngoko yaiku *numpak*.

Campur Kode Basa Jawa-Ragam Dialek

Dialek minangka ragam basa nuduhake saka ngendi pangripta iku urip ing sawijining wilayah. campur kode basa Jawa menyang ragam basa dialek. Campur kode ung ngisor iki amarga pangripta kurang mangerteni padhanane ing basa Jawa mula kalebu campur kode negatif. Wujud campur kode basa Jawa menyang ragam dialek diandharake ing cuplikan ngisor iki:

(36) Katon endah nyawang nisor
(SMU, Pd 3, Gt 1, ADS, DT, Hal 124)

Cuplikan ing ndhuwur kang nuduhake wernane basa dialek yaiku tembung *nishor*. Tembung kasebut minangka wujud dialek surabayan. Sajrone basa Jawa baku tembung *nisir* bisa diganti ngisor. Tembung-tembung dialek kasebut dianggep minangka wujud campur kode negatif merga bisa ngusak basa asline. Bab panganggone dialek iku sacara sadhar lan ora sadhar dianggo amarga basa kasebut wis kulina digawe lan pangripta ora mangerteni padhanane ing basa Jawa merga pangripta isih sinau basa Jawa.

Campur Kode Basa Jawa-Basa Indonesia

Minangka bangsa Indonesia kita nduweni basa *nasional* yaiku basa Indonesia. Mula saka iku saben pawongan mesthi diwulang basa Indonesia

sajrone pamulangan. Basa pengantar kang digawe ing sekolahan uga nggunakake basa Indonesia. Mula lumrah yen para mahasiswa jurusan basa Jawa, UNESA ora asing lan nguwasani basa Indonesia pada karo basa Jawa, malahan bisa luwih nguwasani basa Indonesia tinimbang basa Jawa kang sabenero. Mula sajrone ngripta sastra saperangan ana campuran basa Jawa lan basa Indonesia kaya tuladha geguritan ing ngisor iki:

(37) Iki ngono mung sia-sia
(TNB, Pd 2, Gt 3, EA, DT, Hal 212)

Cuplikan ing ndhuwur kang nuduhake tembung basa Indonesia yaiku tembung *sia-sia*. Tembung kasebut iki nduweni sipat negatif amarga nduweni tembung kang padha lan tuwuh *representatif*. Tembung *sia-sia* ana ing basa Jawa bisa diganti *muspra*.

Campur kode negatif ing antologi geguritan *Dalan Tresna* uga ana kang wujud tembung lingga basa Indonesia oleh wuwuhan basa Jawa. Wuwuhan basa Jawa kang digawe yaiku ater – ater N-, ater – ater di-, lan panambang –ne. Digunakake wuwuhan kasebut supaya tembung ing basa Indonesia kasebut ngemu surasa kaya basa Jawa. bab kasebut bisa dideleng ing cuplikan iki:

(38) Marang kabeh ciptaane
(CP, Pd 3, Gt 4, ADS, DT, Hal 121)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane tembung basa Indonesia kang kawuwuhan imbuhan basa Jawa *ciptaane*. tembung *ciptaan* mujudake sawijining tembung kang dumadi saka tembung lingga basa Indonesia *cipta* banjur kawuwuhan panambang –ne, lan panambang -ane Mankene pandhapuke tembung kasebut:

{-ane} + cipta = ciptaane

Panganggone basa kang luput perangan morfologis awujud pandhapuke panambang –ne lan panambang -ane basa Jawa marang tembung lingga basa Indonesia bisa diganti nggunakake basa Jawa. Tembung *ciptaane* ing basa Jawa bisa diganti karo tembung *reriptane* utawa *gaweane*. Merga ana padhanane ing basa Jawa mula diarani campur kode negatif. Bab dumadine campur kode negatif merga para Mahasiswa isih durung mangerteni lan isih sinau basa Jawa.

Campur Kode Basa Jawa-Basa Indonesia-Basa Jawa

Campur kode saka basa Jawa tumuju basa Indonesia lan mbalik maneh ing basa Jawa kaya tuladha geguritan ing ngisor iki:

(39) Banyu kos jarang mili
(KKS, Pd 3, Gt 2, FNK, DT, Hal 174)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane campur kode basa Jawa- basa Indonesia- basa Jawa tembung kang nuduhake tembung basa Indonesia yaiku tembung *dihibur*. Tembung kasebut iki nduweni sipat negatif amarga nduweni tembung kang padha lan tuwuh *representatif*. Tembung *dihibur* ana ing basa Jawa bisa diganti *dilipur*. sajrone campur kode negatif tinemu panganggone basa kang luput kang awujud tembung lingga basa Indonesia oleh wuwuhan basa Jawa. Wujud panganggone basa kang luput bisa dideleng ing ngisor iki:

(40) Peteng dhdhet aku **nratapi** urip

(PD, Pd 1, Gt 3, NNS, DT, Hal 103)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake anane tembung lingga basa Indonesia kawuwuhan imbuhan basa Jawa. Wujud tembung lingga basa Indonesia kawuwuhan basa Jawa yaiku ing tembung *nratapi* Andharane kaya mangkene:

{N-} + ratap + i = nratapi

Panganggone basa kang luput perangan morfologis awujud pandhapuke ater-ater di- basa Jawa marang tembung lingga basa Indonesia, bisa diganti nggunakake basa Jawa. tembung *nratapi* diganti *mikirake* utawa *ngrasakake*.

Campur Kode Basa Indonesia-Basa Jawa-Basa Indonesia

Basa Indonesia minangka basa nasional mula mesthi diwulangake ing tingkat sekolah. Bab kasebut ndadekake para mahasiswa mesthi nguwasani basa Indonesia padha apike karo basa Jawa, saengga para mahasiswa bisa nyampur basa kang dikuwasani. Merga kampuan basa Indonésiane kang padha apike karo basa Jawa, karya sastra para Mahasiswa tinemu saperangan basa Indonesia.

(41) Hasil bumi diusung neng luar negeri
(KYN, Pd 3, Gt 5, WP, DT, Hal 7)

Cuplikan ing ndhuwur minangka wujud campur kode basa Indonesia- basa Jawa- basa Indonesia. wujud basa Indonesia diarani campur kode negatif amarga nduweni tembung kang padha lan tuwuh *representatif*. Tembung hasil bumi bisa diganti asil bumi utawa raja brana. Dene tembung luar negeri bisa diganti negara manca.

Dhiskusi Asil Panliten

Adhedhasar andharan lan jlentrehane asil panliten, ditemokake jinise panganggone basa sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya. kang kaperang dadi wernane basa lan panganggone basa kang luput. Dene panganggone basa kaperang dadi

wernane basa, alih kode, lan panganggone basa kang luput.

Panganggone basa ing panliten iki kaperang dadi wernane basa, alih kode, campur kode lan panganggone basa kang luput. Wernane basa bisa dimangerteni minangka varian saka sawujining basa kang dibedakake mitur topik, mitra tutur lan sarana. Miturut panganggone, wernane basa bisa kaperang dadi loro, yaiku werna basa lisan lan werna basa tulis. Werna basa lisan yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara guneman utawa pitutur, dene werna basa tulis yaiku werna basa kang digunakake kanthi cara nulis. Panganggone ragam basa Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya arupa: (1) wernane basa ngoko, (2) wernane basa krama, (3) wernane basa dialek, (4) wernane basa Jawa-Indonesia, (5) wernane basa Jawa-inggris, lan (6) wernane basa Jawa- Arab.

Wernane basa ngoko ing minangka wujud wernane basa kang paling akeh digunakake ing antologi geguritan *Dalan Tresna* merga basa ngoko digawe ing sabendiane lan dikuwasani dening mahasiswa minangka pangripta kang isih sajrone proses sinau. Wernane basa krama ing geguritan *Dalan Tresna* digunakake kanggo geguritan kang ditujokake kanggo biyung lan gusti, pangripta nggunakake basa krama kagem biyung merga saka wujud sesambungan darah antarane anak lan ibu kang kudu tansah dihormati. Wernane basa krama digawe nalika geguritan ditujokake marang Gusti merga kapercayan yen gusti minangka pangeran kang nduweni sekabehane jagad lan manungsa kudu tansah manambah marang Gusti.

Wernane basa dialek sajrone panliten iki tinemu rong dialek yaiku dialek surabayan kang dibuktakake anane tembung, nisor, lugur, lan klitik -em. Wernane basa Jawa-Indonesia minangka wernane basa campuran antarane basa Jawa lan basa Indonesia, wernane basa iki akeh tinemu ing sajrone antologi geguritan kasebut. Wernane basa Jawa – inggris minangka campuran basa Jawa lan basa Inggris bab kasebut dumadi ing tembung-tembung kang tegese ora tinemu ing padhanan basa Jawa kaya jeneng piranti, lan tembung-tembung ilmiah. Dene wernane basa Jawa – Arab dumadi amarga anane pengaruh agama islam kang dianut dening mayoritas mahasiswa. Merga pangripta yaiku mahasiswa isih sianu sajrone perangan wernane basa tinemu panganggone basa kang luput. Panganggone basa kang luput kang digawe ing panliten iki yaiku panganggone basa kang luput kategori linguisitik yaiku nglumpukake panganggone basa kang luput

adhedhasar unsur linguistik tartamtu kang dipangaribawani dening lupute, fonologi, morfologi, sintaksis, semantik lan leksikon, lan wacana. Unsur-unsur kang kalebu kategori iki *fonologi, morfologi, sintaksis, lan semantik*. Kang dirembung ing panliten iki yaiku bab *fonologi* lan *morfologi*.

Panganggone basa kang luput kang ana ing saperangan wernane basa wujud salahe nulis ejaan basa Jawa mawa aksara latin kang kaperang maneh salahe arupa nulis vokal lan konsonan, panganggone basa kang luput kang akeh dialkoni yaiku wujud salahe nulis vokal u dadi o yaiku ing tembung amung dadi among, meh kabeh tembung amung ing antologi geguritan kasebut tinulis among, sajrone salahe nulis konsonan kang paaling akeh yaiku wujud panulisan retofleks [d] lan [t]. Saliyane iku tinemu panganggone basa kang luput awujud pangrakite imbuhan lan tembung. Kang asring dumadi yaiku panulisan imbuhan N- - ake owah dadi N- - na merga kena dayane basa dialek

Alih kode (*code switching*) dhasare minangka prastawa ngalih panganggone sawijining kode tumuju sajrone kode liyane. Prastawa alih kode *hakekat-e* minangka salah sawijine *aspek* anane padha-padha gumantunge basa sajrone masyarakat bilingual. alih kode kaperang dadi loro, yaiku alih kode intern lan alih kode ekstern. Tegese alih kode intern yaiku alih kode kang kadaden ing basane dhewe, kayata basa Indonesia ing Jawa utawa suwalike kode ekstern kadaden ing basane dhewe ing basa asing.

Alih kode Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya kaperang dadi loro alih basa intern lan ekstern. Alih kode intern kaperang dadi ragam krama tumuju ragam ngoko, lan ragam ngoko menyang ragam krama. Dene alih kode ekstern kaang tinemu yaiku malihe basa saka basa Jawa menyang basa Indonesia, lan malihe basa saka basa Jawa menyang basa Arab. Tujuwan anane alih kode yaiku nuduhake kanggo sapa geguritan iku diripta, lan kanggo kaendahan geguritan,

Campur kode bisa ditegesi proses panganggone rong basa utawa luwih kanthi nglebokake unsur basa kasebut dadi saklausa, sajrone wewatesan tembung utawa frasa (Kachru lan Thelandher sajrone Basir 2010:79). Basir merang campur kode adhedhasar aspek nilai sumbangan (*kontribusi* yaiku campur kode *positif* lan campur kode *negatif*).

Wujud campur kode positif Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya yaiku campur kode basa Jawa-Basa Indonesia, campur kode basa Jawa – ragam dialek, campur kode basa Jawa – basa Arab, campur kode basa Inggris – basa Jawa, lan campur kode basa Jawa – basa Indonesia – Basa Jawa.

Wujud campur kode negatif Sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya yaiku campur kode ragam ngoko-krama, ragam krama-ngoko, basa Jawa-ragam dialek, ragam Jawa-basa Indonesia, basa Jawa-basa Indonesia-basa Jawa, lan basa Indonesia -basa Jawa-basa Indonesia. bentuk kang paling tumingal yaiku campure basa Jawa-Indonesia lan Jawa dialek kang asipat campur kode negatif. sajrone wujud campur kode negatif tuwuh wujud panganggone basa kang salah yaiku tembung lingga basa Indonesia kawuwuhan Imbuhan basa Jawa. Bab kasebut dumadi merga pangripta pengin tembung basa Indonesia iku ngemu surasa basa Jawa.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar perkara-perkara lan bab-bab kang wis diandharake ing nduwur mula panliten iki nduweni dudutan kaya mankene. Asile panliten iki yaiku wernane basa kang dienggo arupa: (1) wernane basa ngoko, (2) wernane basa krama, lan (3) wernane basa dialek, (4) wernane basa Jawa-Indonesia, (5) wernane basa Jawa-Inggris, lan (6) wernane basa Jawa-Arab. Sajrone wernane basa ngoko lugu tinemu wujud panganggone basa kang luput perangan fonologis lan morfologis.

Panganggone basa kang luput ing panliten iki yaiku bab *fonologi* lan *morfologi*, Panganggone basa kang luput perangan fonologis wujud salahe nulis ejaan basa Jawa mawa aksara latin kaperang dadi nulis vokal lan konsonan, kang akeh dilakoni yaiku wujud salahe /a/ dadi /o/ lan nulis vokal /u/ dadi /o/. Wujud panulisan retofleks [d] lan [t]. Panganggone basa kang luput perangan morfologis kang asring ditemokake yaiku owahe imbuhan N- - ake dadi N- -na kang kaprabawan dening dialek.

Alih kode kang tinemu yaiku Alih kode intern wujud ragam krama tumuju ragam ngoko, lan ragam ngoko-ragam krama. alih kode ekstern wujud yaiku alih kode basa Jawa-basa Indonesia, lan alih kode basa Jawa-basa Arab. campur kode kaperang dadi campur kode positif yaiku campur kode basa Jawa-Basa Indonesia, campur kode basa Jawa-ragam

Panganggone Basa sajrone Antologi Geguritan *Dalan Tresna* Anggitane Mahasiswa Basa Jawa,
Angkatan 2013 B, UNESA

dialek, campur kode basa Jawa-basa Arab, campur kode basa Inggris-basa Jawa, lan campur kode basa Jawa-basa Indonesia-Basa Jawa. Wujud capur kode negatif yaiku campur kode ragam ngoko-krama, ragam krama-ngoko, basa Jawa–ragam dialek, ragam Jawa–basa Indonesia, basa Jawa–basa Indonesia-basa Jawa, lan basa Indonesia–basa Jawa–basa Indonesia. wujud kang paling tumingal yaiku campur basa Jawa-Indonesia lan Jawa dialek kang asipat campur kode negatif.

Pamrayoga

Panliten nganani panganggone basa sajrone antologi geguritan *Dalan Tresna* anggitane Mahasiswa Angkatan 2013 B, Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya isih adoh saka kasampurnan. Bab iku bisa disawang saka paramasastra lan panulisan. Panliti kepengin menehi pamrayoga tumrap para mahasiswa supaya bisa nliti bab kang gegayutan karo panganggone basa kanthi luwih apik lan luwih narik kawigaten ketimbang panliten iki. Saliyane iku panliti ngarepake yen panliten sabanjure ora mung ngrembug basa sajrone geguritan utawa gancaran nanging uga gegayutan karo sastrane kang kinandhut ing sajrone geguritan utawa gancaran.

DAFTAR PUSTAKA

- Al- ma'ruf, ali imron. 2009. *Stilistika: Metode dan Aplikasi Estetika Pengkajian Bahasa*. solo: cakra books.
- Basir, udjang pairin, Dr, M.Pd. 2010. *Sosiolingustik Pengantar Tindak Berbahasa*. Surabaya: Unesa
- Chaer, Abdul dan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik: Perkenalan awal*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Chaer, , abdul & leoni Agustina. 1995. *Sosiolingustik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka cipta.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Pusat Pembinaan Dan Pengembangan Bahasa.
- Jabrohim, dkk. 2009. *Cara Menulis Kreatif*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Mahasiswa Jurusan Bahasa Dan Sastra Daerah, Angkatan 2013. 2015 *Antologi geguritan Dalan tresna*. Surabaya
- Nurdiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Paradopo, Rachmat djoko. 2012. *Pengkajian puisi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Sasangka, sry satria catur wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- _____. 2010. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta : Yayasan Paramalingua.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku: Bahasa – Jawa*. yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____, lan pranowo. 2001. *KAMUS PEPAK BASA JAWA*. yogyakarta : Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Tarigan, Henry Guntur dan Djago Tarigan. 1988. *Pengajaran Analisis Kesalahan Berbahasa*. Bandung : Angkasa
- _____, Henry Guntur. 1986. *Menulis Sebagai Suatu Ketrampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa
- Tim Penyusun Balai Pustaka Yoyakarta. 2001. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta : Kanisius
- Tim Penyusun Kamus Pusat Bahasa. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai pustaka.
- Verharr, J.W.M. 2010. *Asas – Asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Wiedarti, pangesti, Ph.D. 2005. *Menuju Budaya Menulis: Suatu Bunga Rampai*. Yogyakarta: Tiara wacana